# Скъодтаты Эльбрусы «Уодигага»

Сабитæ нæ фидæн, нæ сомбон сты. Хæдзарæй сывæллоны худт куы райхъуысы, уæд уымæй хуыздæр ницы ис. Ахæм хæдзары бинонтæ амондджын æмæ фæрнджын сты. Куыд адджын, куыд зынаргъ сты ныййарæгæн йæ хъæбулы фыццаг мидбылбахудт, йæ фыццаг къахдзæфтæ…

Дарддæр бинонтæн свæййы сæ "цума". Ам сахуыр вæййы хистæртæн лæггад кæныныл, æгъдау æмæ æфсармыл. Сывæллон бæласæй уæлдай нæу. Бæлас æрвылаз хъæуы æхсæдын, цæмæй йæ къалиутæ, куыд æмбæлы, афтæ рæзой. Хъæуы йыл дон кæнын, йæ уидæгты алыварс цы зæхх ис, уый фæхъæуы афæлмæн кæнын. Афтæ у сывæллоны хъуыддаг дæр. Йæ фыццаг къахдзæфтæй фæстæмæ райдайы йæ алфамбылай дунеимæ зонгæ кæнын. Æмæ уыцы хъуыддаджы ныййарджытæй бирæ аразгæ у. Хъуамæ æмбарын кæной сæ кæстæртæн, иннæ сабитимæ хæларæй цæрын кæй хъæуы, фосы æмæ сырдты уарзын, æрдз та хъахъхъæнын кæй хъæуы, уый. Уæд сырæздзысты зæрдæхæлар æмæ фидæны хорз адæймæгтæй.

Хъомыладон фæрæзæн ныййарджытæн ахъаз у аивадон æмæ методикон литературæ. Æрæджы рухс федта Скъодтаты Эльбрусы чиныг "Уодигага". Фыст у дыгурон æвзагыл. Арæзт у дыууæ хайæ: фыццаг хайы сты авторæн йæхи поэтикон уацмыстæ, дыккаджы та — тæлмацтæ. Авторы поэтикон уацмыстæм хауынц æмдзæвгæтæ, уыци-уыцитæ æмæ тагъддзуринæгтæ. Тæлмацты хайы та ис æмдзæвгæтæ, уыци-уыцитæ æмæ зарджытæ. Ацы поэтикон æмбырдгонд пайда уыдзæн рæвдауæндоны кары сывæллæттæн, скъолайы райдайæн къласты ахуырдзаутæн æмæ, дыгурон æвзаг чи ахуыр кæны, уыцы астæуккаг æмæ хистæр къласты ахуырдзаутæн. Чиныджы æрмæг хорз æхxуыс фæуыдзæн, скъолатæн ахуыргæнæн чингуытæ чи аразы, уыдонæн дæр. Уымæй уæлдай ма "Уодигага"-йы ссарæн ис, хицæн предметтæм чи хауы: математикæ, нæ алфамбылай дунейы тыххæй, нывкæнынады аивад, музыкæ æмæ æндæр æрмæджытæ. Зæгъæм, райдайæн къласты математикæйы чингуытæ аразджытæн сæ бон у спайда кæнын æнгуылдзтæй хъазт æмæ нымайыны æмдзæвгæтæй, музыкæйы чингуытæм та — нотæтыл, музыкалон инструменттыл фыст æмдзæвгæтæ, нæ алфамбылай дунейы тыххæй чингуытæм бахæссæн ис æрдзыл æмæ Фыдыбæстæйыл фыст æмдзæвгæтæ.

Фæлæ уæддæр чиныджы сæйраг бынат ахсынц, фыццаг хайы цы лирикон æмдзæвгæтæ ис, уыдон. Уымæ гæсгæ канд сывæллæттæн не сты, фæлæ йæ зæрдæмæ поэзийы æнкъарæнтæ кæмæн хæццæ кæнынц, уыдонæн се 'ппæтæн дæр.

Чиныджы дыккаг хайы æмдзæвгæтæ сты уырыссаг æвзагæй тæлмацгонд. Сæ автортæ дæр сты бæрæггонд.

"Уодигага"-йы ис зындгонд уырыссаг зарджыты тæлмацтæ, музыкæйыл куыд бадой, афтæмæй. Уый у ахсджиаг хъуыддаг, уымæн æмæ сывæллæтты бон уыдзæн сæхи мадæлон æвзагыл зарын. Нæ кæстæртæн мадæлон æвзагмæ уарзондзинад хъуамæ сæ туджы, сæ сæрызонды æмæ се 'уæнгты ахъара. Уæд æвзаг нæ рох кæны æмæ нæ сæфы.

Авторы бафæндыд, сывæллæттæн сæхи æвзагмæ хæстæг чи у, æнцонæмбарæн сын куыд уа, ахæм æвзагыл ныффыссын. Хъазты хуызы сын амынд цæуы математикæ, нывкæнынад æмæ музыкæ. Афтæмæй сывæллæттæ сæ алфамбылай цардмæ кæнынц цымыдисдæр. Чиныджы цы алыхуызон æрмæджытæ ис, уыдон сын сæ зæрдæты райгуырын кæндзысты рæсугъд æнкъарæнтæ, мадæлон æвзагмæ уарзондзинад, рæзын сын кæндзæн сæ логикон

хъуыдыкæнынад, цыргъзонддзинад, разæнгард сæ кæндзæн ахуырмæ, сæ рæзгæ удтæ сын рухс кæндзæн царды хорздзинæдтæй.

Чиныг "Уодигага"-йы рæвдауæндоны кусджытæ æмæ райдайæн кълæсты ахуыргæнджытæ ссардзысты хъæугæ æрмæджытæ, цæмæй сабитæ ахуыр кæной сæ ныййарджытæн кад кæнынил, æмгарыл æнувыд уæвынил, кæстæрыл аудынил.

ХЪОЙБАЙТЫ Галинæ.

Газет «Рæстдзинад», №164   2019 азы рухæны мæйы 12 бон